



PEMERINTAH KOTA BANDUNG
DINAS PENDIDIKAN
SDN 212 HARAPAN
TERAKREDITASI A

Jl. Pak Gatot VI KPAD Gegerkalong Bandung Telp 022-2004661



ASSESMEN SUMATIF AKHIR TAHUN (ASAT)
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Mata Pelajaran	Bahasa Sunda
Kelas / Semester	4 / II (Genap)
Hari / Tanggal	
Nama	
No absen	

Mangga hidep eusian soal-soal di handap ieu anu jawaban paling bener !

A. PILIHAN GANDA (TUNGGAL)

1. Regepkeun bacaan di handap jang ngeusian nomor 1-2 !

Insinyur Haji Juanda

Baheula, di Tasikmalaya aya hiji kulawarga guru. Pa Guru téh jenenganana Radén Kartawijaya. Ari istrina Nyi Momot. Ping 14 Januari 1911 Nyi Momot babar. Ingkang putra dipaparin jenengan Juanda.

Juanda terus sakola nepi ka bisa kuliah. Langka kénéh pisan harita mah aya pribumi nu kuliah. Réréncangan kuliahna gé lolobana urang Walanda, ari pribumina mah ukur opatan. Kuliahna tamat taun 1933 kalawan gelar Insinyur. Harita yuswana nembé 22 taun.

Taun 1934 Ir. Juanda ngawitan ancub kana pagerakan nasional. Anjeunna ngagabung ka Paguyuban Pasundan (PP), organisasi urang Sunda nu ngadeg di Jakarta 20 Juli 1913.

Sabada révolusi kamerdékaan, harita kota Bandung dibagi dua. Bandung Kalér jeung Bandung Kidul. Bandung Kalér téh pamatuhan urang Walanda jeung tentara Sekutu Inggris. Ari Bandung Kidul padumukan bangsa pribumi Indonésia. Tah, Juanda sakulawargi ngalih ti kalér ka kidul di Situsaeur. Padahal harita istrina nuju kakandungan. Ti Bandung teras ngungsi ka Tasikmalaya. Nembé tilu dinten ngungsi di Tasikmalaya 2 Januari 1946, brol Bu Juanda ngababarkeun putrana nu bungsu.

Kawitna mah Ir. Juanda badé teras ka Yogyakarta. Tapi teu cios, sabada nampi iber yén anjeunna diangkat janten Kapala Jawatan Karéta Api nu kantor puseurna di Bandung.



Alesan kulawarga Ir. Haji Juanda ngalih nyaéta ...

- ayana revolusi kamerdékaan.
- di Kidul aya urang Walanda jeung Sekutu.
- di Bandung Kidul ayana pribumi Indonésia.
- ayana perang di Bandung Kalér jeung Bandung Kidul.

2. Insinyur Haji Juanda teu tulus cicing di Yogyakarta sabab ...
- ditolak ku wargi Yogyakarta.
 - ngababarkeun putra bungsuna.
 - anjeunna diangkat Kapala Jawatan Karéta Api di Bandung.
 - gabung ka organisasi di Jakarta.

3. **Perhatikeun kecap di handap!**

- | | |
|-----------|------------|
| 1) Iraha | 4) Saha |
| 2) Kumaha | 5) Kumargi |
| 3) Sabab | |

Nu teu asup kana kecap **pananya** nyaéta nomor ...

- 1 jeung 2
- 2 jeung 3
- 3 jeung 5
- 4 jeung 5

4. Pa Dada : “”

Bu Rini : “ Anu tos di data mah tilu puluh urang nu ngiring ka Lémbang téh”.

Kalimah tanya anu pas jang ngeusian paguneman di luhur nyaéta ...

- “Iraha anu rék ka Lémbang téh?”
- “Saha nu rék ka Lémbang téh?”
- “Badé ka marana ieu téh?”
- “Sabaraha urang nu rék ka Lémbang téh?”

5. Udin : “Duh, kumaha nya (1 ...) Sieun di seuseula.”

Guru : “Moal (2 ...) Jung asup mending gé (3 ...)

Dina paguneman di luhur, tanda baca anu pas pikeun ngeusian lolongkrang anu kosong sesuai urutan nyaéta ...

- Tanda tanya (?) ; panyeluk (!) ; titik (.)
- Tanda tanya (?) ; titik (.) ; Panyeluk (!)
- Panyeluk (!) ; tanda tanya (?) ; titik (.)
- Panyeluk (!) ; titik (.) ; tanda tanya (?)

B. PILIHAN GANDA (KOMPLEKS)

(Hidep tiasa milih leuwih ti hiji jawaban)

6. Tengetan kecap di handap jadi kumaha lamun dirajék ku Rajékan Dwiréka?
- Seuri → Sura-seuri
 - Gésér → Gésér-géséran
 - Tajong → Tatajongan
 - Gitek → Gutak-gitek
 - Surung → Susurungan
7. Kalimah di handap ieu, mana anu saluyu jeung panggunaan aksara gedé?
- Wilujeng sumping!
 - Bulan januari.
 - Kanti jeung sela indit ka sakola.
 - Déwi Sartika téh pahlawan ti Kota Bandung.
 - Poé Rebo, Asih indit ka gunung Manglayang.
 - Tah éta. Cik bawa ka dieu!

8. Regepkeun kawih ieu di handap!

Kawih Lalamunan

Mun abdi pareng nincak déwasa Badé
ngabantu rukun tatangga Gotong-royong,
tur sabilulungan Trong, trong, trong! Sora
kohkol ngelingan

Mun abdi pareng nincak déwasa
Hoyong laksana jadi tentara
Ngusir musuh nu rék niat jail
Dor, dor, dor! Musuh paéh di bedil

Mun abdi pareng jadi nu kaya
Moal nyaah ka dunya barana
Pakir miskin nu katalangsara
Sok, sok, sok! Rék dibagi walatra

Dina kawih di luhur, aya dina kalimah mana waé nu maknana **teu saluyu** jeung pernyataan di handap?

- Ayana kahayang ngarah cita-cita.
 - Niat maéhan jalma nu téga.
 - Ngabantu sasama.
 - Nyuhunkeun pidu'a ka Gusti Alloh.
 - Doakeun jalma-jalma jadi leuwih sangsara.
9. Kecap barang nyaéta sagala anu katangkep ku panca indra urang, éta téh kaasup kecap barang. Salah sahiji panca indrana ku cepil, artina nu bisa kadangu ku cepil. Ayeuna, hidep sebutkeun naon waé anu bisa kadangu ku panca indra cepil urang?
- Biwir
 - Langit
 - Lagu
 - Sora
 - Jalma
 - Angin
 - Cai ngeclak
10. Baju sakolah anu kaluhurna dipaké, calana panjang bodas, teu poho sapatu jangkung mamah paragi ka Bandung ari aya ondangan. Gulak-gilek hareupeun kaca bari leuleumpangan, sapatu disada, tok .. tok .. tok. Teu nyaho Bapa asup muka panto bari mawa map anu eusina berkas jeung nyelip pulpen di gigireun map, merhatikeun tuluy teu ningal payuneun aya korsi. Dina wacana di luhur, pilih mana nu kaasup kana kecap barang!
- Kaluhurna
 - Calana
 - Ondangan
 - Kaca
 - Leuleumpangan
 - panto
 - Berkas
 - Payuneun

C. DI HANDAP IEU, HIDEP BÉRÉ CÉNTANG (✓) DI KOLOM ANU BENER JEUNG SALAH!

NO	PERNYATAAN	BENER	SALAH
11	Pahlawan boga sipat gedé wawanén, hartina téh aya kawani némbongkeun sikap anu saklek. Wani ngaku kana kasalahan sorangan, wani tanggung jawab kana naon nu dipilampahna, jeung wani nembrakeun pamadeganana pikeun kahadéan.		
12	Kecap <i>ingkid</i> lamu maké Rajékan Dwiréka jadi <i>ungkag-ingkid</i> .		
13	Ngaran jalma, tempat, jeung aksara ka hiji teu wajib maké aksara gedé.		
14	Puskesmas, pasar, stasion, jeung kantor pos kaasup kana kecap ngaran tempat.		
15	Kecap pananya gunana pikeun némbongkeun rupa-rupa rasa. Contona, upama dina basa lisan mun jalma keur ambek, nyarékan, atawa miwarang maké pananya.		

D. EUSIAN ÉSSAI DI HANDAP IEU!

16. Naon anu hidep apal ngeunaan Pahlawan?

.....

.....

.....

17. Jieun 3 kalimah pananya anu kecap pananyana béda!

1.
2.
3.


18. Pék hidep eusian kecap dihandap maké Rajékan Dwiréka sarta jieun kalimahna!

- a. Gebug →
Kalimah :
- b. Tulis →
Kalimah :
- c. Carék →
Kalimah :

19. Sebutkeun 5 kecap barang jeung kecap pagawéan anu hidep apal!

No	Kecap Barang	Kecap Pagawéan
1		
2		
3		
4		
5		

20. Jieun paguneman singkat ngeunaan padumukan urang nu ayeuna!

A large rounded rectangular box with a black border, containing 15 horizontal dotted lines for writing.